



**KEMENTERIAN AGAMA
KABUPATEN TASIKMALAYA
MTs SATU ATAP AL-MUSYRIFAH**



Status : Terakreditasi A, Nomor : 02.00/128/BAN-SM/IX/2018
Nomor Pokok Sekolah Nasional : 20278468, Nomor Statistik Madrasah : 121232060154
Alamat : Jl. Raya CipatujahKp. Muara Ds. BantarkalongKec. CipatujahKab. Tasikmalaya 46189

**LEMBAR SOAL DAN JAWABAN
PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas/Semester : VII/GANJIL
Hari dan Tanggal : Sabtu, 10 Desember 2022
Waktu : 90 menit

NAMA LENGKAP :

KELAS :

NO. PESERTA :

1. "Lucu jeung waas nalika maca carpon karangan A. Budiman ieu, bet asa balik deui ka alam keur budak baheula, ceplés kitu kaulinan jeung kalakuan keur budak téh. Seuri lucu jeung mata mah cirambay,..."

Paguneman di luhur medar ngeunaan

- A. Ngucapkeun nuhun kana carita pondok karangan
B. Ngenalkeun eusi carita pondok
C. Ménta idin ngoméntar
D. Tanggapan kana eusi carita pondok
2. Kalimah nu cocog dina ngenalkeun diri, nya éta
- A. "Hatur nuhun pisan, kana pangangkenna. Mung da tos jangji ka pun biang, abdi wangsul téh moal sonten teuing ..."
B. "Bapa, punten. Abdi dinten énjing moal tiasa lebet ka sakola."
C. "Ti payun neda sihapunten samudaya kalepatan, sok bilih aya lepat ucap langkung saur bahé carék."
D. "Wasta abdi, Padél Rahman Sarip. Kawitna ti SD Tejamaya."
3. Conto kalimah nu eusina pamitan, nya éta
- A. "Sim kuring neda sihapunten, badé permios baé jalaran panginten acara parantos réngsé."
B. "Mung sakitu, pedaran ti sim kuring. Neda sihapunten bilih aya kalepatan."
C. "Kahadé sing riksa ucap lampah ulah nepikeun ka patojaiyah jeung papagon agama."
D. "Méméh pamitan amit mundur téh, aya papagonna yén undur katingal pundo datang katingal tarang."
4. Conto kalimah ménta idin nu cocog, nya éta
- A. Bapa, abdi isukan moal sakola, lantaran rék milu ka Bapa ka Bandung.
B. Bapa, kuring téh rék ka Bandung, ku kituna kuring nyuhunkeun widi, nya !

- C. Bapa, isuk urang moal sakola. Idin nya, Pa ?

- D. Bapa, punten. Abdi téh badé nyuhunkeun widi, dinten énjing moal tiasa lebet ka sakola.

5. (1) Ti payun neda sihapunten samudaya kalepatan, sok bilih aya lepat ucap langkung saur bahé carék.

- (2) Ibu, abdi neda dihapunten tina samudaya kalepatan, rumaos abdi sok baha kana paréntah Ibu.

- (3) Sawangsulna abdi ogé neda dihapunten, ti luhur saasap rambut ti handap sahibas dampal.

- (4) Dihapunten pisan, éstu klik putih clak hérang, caang bulan opat welas jalan gedé sasapuan.

Kalimah nu eusina menta dihapura, kaunggel dina nomer

- A. 1-2-3 C. 1-2-4
B. 1-3-4 D. 2-3-4

6. Baca paguneman di handap ieu !

Ningsih : Bapa abdi katitipan saur ti pun bapa. Saurna hatur nuhun, Ningsih parantos diwidian besuk pun Nini ka Bandung.

Pa : Nya heug, kumaha Nini hidep Hasan ?

Ningsih : Alhamdulillah, ayeuna mah rada sakinten, dirawat di Rumah Sakit Umum Hasan Sadikin, sauna mah tos opat dinten.

Pa : Alhamdulillah. Hasan

Ningsih : Saur pun Bapa téh hapunten teu nyandak naon-naon, da teu kabujeng ka mamana.

Pa : *Ih, keun baé. Nu penting mah*
 Hasan : *Nini hidep damang deui.*
Carioskeun ka Bapa mugia nu
teu damang téh singgal
damang deui, nya ?
 Ningsih : *Mangga. Permios, Pa !*

Téma tina paguneman diluhur ngeunaan

- A. Ménta hampura C. Ménta idin
 B. Ngucapkeun nuhun D. Pamitan

7. Ilo paguneman di handap ieu !

Pa Maman : *"Jam sabaraha inditna ?"*
 Mimin : *"Tabuh genep tos kedah di setat:*
setatsion mah kana angkot 05."

Pa Maman :
 Mimin : *"Amin. Hatur nuhun Bapa."*

Kalimah nu cocog pikeun nyampurnakeun paguneman di luhur, nya éta

- A. "Uluh, atuh kudu persiapan nyubuh-nyubuh, nya ?"
 B. "Naha maké kana karéta, mending kénéh kana beus atuh !"
 C. "Oh, nya. Sok atuh mugia sing salamet, sing lancar di jalanna."
 D. "Sigana mendingan kénéh kana rombongan, daripada kana karéta api mah, ngarah rinéh."

8. Amir : *"Kumaha lamun poé Minggu hareup urang ulin, pan poé Senén na urang peré ?"*

Budi :

Dedi : *"Kumaha lamun urang ulin ka Situ Gedé ?"*

Budi :

Dedi : *"Urang inditna kudu isuk-isuk ambéh di Situ Gedé na bisa lila ulin bari lalayaran jeung botram."*

Kalimah nu cocog pikeun nyampurnakeun paguneman di luhur, nya éta

- A. (1) "Hayu, siap !"
 (2) "Meuli kupat tahu nu énak mah di Mangunreja atuh !"
 B. (1) "Rék ulin ka mana Mir ?"
 (2) "Enya atuh kitu nya urang jadikeun baé ulin ka Situ Gedé."
 C. (1) "Enya peré, ari kitu aya naon ?"
 (2) "Moal ah, kuring mah aya acara kulawarga."
 D. (1) "Oh tanggal 13, beureum nya ?"
 (2) "Ih, kakarék gé kamari urang ulin ka Situ Gedé téh."

9. Ilo paguneman di handap ieu !

Sari : *"Alhamdulillah, Abdi kénging dongéng mite, fabel, sareng parabel".*

Annisa : *"Saé atuh ! abdi kenging legenda. Tuh, sigana mah tos lengkep jenis dongéngna mah, Hayu urang analisis struktur carita dongéngna."*

Sari : *"Badé iraha kerja kelompokna ? tos dipasih terang anggota kelompokna ? Yani sareng Déwi."*

Pancén kelompok nu ditugaskeun ku guru, nurutkeun paguneman di luhur nya éta

- A. Jenis-jenis dongéng
 B. Analisis carita dongéng
 C. Ngaran anggota kelompok
 D. Kerja kelompok di imah Lisa

10. Ilo paguneman di handap ieu !

Pa : *Siti, bapa meunang béja cenah*
 Jaka : *bapa hidep maot, naha bener ?*

Siti : *Leres bapa. .. minggon kamari*

Pa : *Hampura bapa teu bisa*
 Jaka : *ngalayad, da kakara datang kamari tas diklat basa Sunda ti Bandung Sing sabar baé geulis, panyakit naon ?*

Siti : *Saleresna panyawatna mah tos lami. Tos aya taunna. Malih mah tos genep sasih gé teu tiasaeun mapah.*

Eusi paguneman di luhur nya eta

- A. Pa Jaka menta hampura lantaran can bisa ngalayad bapana Siti.
 B. Pa Jaka babaturanbapana Siti.
 C. Pa Jaka teu apaleun panyakit bapana
 D. Pa Jaka menta diterangkeun pangna bapana Siti maot

11. **Ilikan ganbar di handap!**



Ngaran kaulinan barudak di luhur, nya éta

....

- A. Damdaman C. Budug sumput
 B. Pérépét jéngkol D. Galah

12. **Ilikan ganbar di handap!**



Pakakas anu digunakeun nalika kaulinan barudak dina gambar di luhur nya éta....

- A. golong jeung kenur
 B. kaléci

- C. kenténg jeung bal kasti
D. Bal jeung kewuk
13. Istilah nu aya dina kaulinan barudak “ngadu kaléci” nya éta.....
A. Blép C. Minaspél
B. Sépék D. Asin
14. *Lobang papan dieusian kewuk masing-masing 7 siki. Ari lobang gedé minangka lobang indungna mah henteu dieusian. Dipaénkeun ku 2 urang teu bisa leuwih. Sanggeus kabéh lobang leutik dieusian kewuk, tuluy salah sahiji nu maén nyokot kewuk tina hiji lobang, nya dipapaykeun nepi ka béakna. Lobang indungna gé dieusian sasiki. Lasutna téh mun siki nu pamungkas nempatan lobang nu kosong.*
Nurutkeun pedaran di luhur, kaulinan barudak nu dimaksud, nya éta
A. Budug sumput C. Congklak
B. Jujungkungan D. Sumput beling
15. *Posisi pamaén silih cekel taktak. Nu tukang nyekel taktak nu hareupeunana jeung saterusna tuluy maju ka kénca ka katuhu katempona ngaléor bari ngawih tuluy luar-léor ngurilingan budak nu keur jaga jadi guha nepi kaasup salah saurang budak. Tuluy dititah milih rék kamana, naha rék milu ka kelompok nu ka hiji atawa nu ka dua.*
Nurutkeun cara maénna, ngaran kaulinan kasebut nya éta
A. Oray-orayan C. Sapintrong
B. Sepdur D. Ambil-ambilan
16. *Ajén dina kaulinan barudak lembur kacida luhungna, diantaranya : hirup sauyunan, atikan, didikan, jeung diajar sosialisasi jeung babaturan. Kaulinan barudak anu baheula, salah sahiji tradisi kabudayaan sunda anu penting pikeun ngabina mental.*
Ungkara kaulinan barudak di luhur medar ngeunaan
A. Kalungguhan kaulinan barudak
B. Ngaran-ngaran kaulinan barudak lembur
C. Atikan ngaliwatan kaulinan barudak
D. Kabiasaan kaulinan keur barudak lembur
17. *Ojok-ojok ami-ami. Dirorajok ku jarami Ojok-ojok uat-uat. Ngarorajok nu dibuat Ojok-ojok aung-aung. Ngarorajok nu di saung Kakawihan di luhur ayana dina kaulinan barudak nu ngaranna*
A. Empét-empétan
B. Paciwit-ciwit lutung
C. Oray-orayan
D. Budug sumput
18. Kaulinan barudak anu pamaénna lalaki kabéh nya éta.....
A. Sapintrong C. Peperangan
B. Encrak D. Congkak
19. Conto kecap pagawéan wangun asal nya éta.....
A. Kunaon Hasan tatajong waé?
B. Baju anu kotor dibawa ku ibu
C. Amir dahar isuk-isuk di sakola

- D. Santi keur sasapu hareupeun kelas
20. Conto kecap pagawéan wangun kantétan nya éta.....
A. Manéhna ceurik hayangeun milu ka Bandung.
B. Lamun remen ngapalkeun tinangtu bakal pinter.
C. Mang Hasan gawé angkat jungjung di toko Pa Haji Dayat
D. Isuk-isuk manéhna geus tutunjuk bari pepeta.
21. Conto kecap pagawéan wangun rundayan nya éta
A. Isuk-isuk manéhna indit ka sakola jeung babaturan
B. Manéhna bulak-balik ka dapur jeung ka kamar duka néangan naon.
C. Manéhna mangmacakeun aturan obat keur bapana.
D. Lanceukna adutawar jeung tukang dagang.
22. Kalimah nu ngandung kecap rajékan nya éta
A. Manéhna ceurik hayangeun milu ka Bandung.
B. Lamun remen ngapalkeun tinangtu bakal pinter.
C. Sanajan horéameun ogé, bapana indit ka sawah.
D. Isuk-isuk manéhna geus tutunjuk bari pepeta.
23. Ilo iklan layanan masarakat di handap ieu!



- Eusi iklan layanan masarakat di luhur kaasup kana jenis
- A. Pangajak C. Méré nyaho
B. Panyaram D. Pangjurung
24. Tempat nu cocog pikeun wawaran di luhur nya éta.....
A. Pasar C. Sakola
B. Masjid D. Kabéh bener
25. Tujuan wawaran di luhur sangkan
A. Méré nyaho yén covid teu acan reda
B. Méré nyaho yén sandal atawa sapatu teu meunang dipaké
C. Méré nyaho yén sandal atawa sapatu bahaya lamun dipakée
D. Méré nyaho yén sandal jeung sapatu kotor tur pungsina sarua
26. Lembaga anu nyieun éta bewara nya éta
A. Dinas Pasar C. Dinas Kesehatan
B. Dinas Perdagangan D. DKM
27. Iklan layanan masarakat anu eusina pangajak nya éta....
A. Entong papanasan baé bisi rieut!

- B. Lamun ngobrol kudu jaga jarak!
 C. Cik, pangmindahkeun motor ka imah!
 D. Hayu urang di vaksin!
28. Ilo iklan layanan masarakat di handap ieu!



- Naon kacindekan tina poster di luhur...
- A. Kudu narima sakabéh informasi
 B. Kudu ngabéwarakeun sakabéh informasi anu katarima
 C. kudu mindeng néangan informasi
 D. kudu taliti jeung *selektif* dina nyerep informasi anu katarima, tur nyingkahan informasi anu sipatna can tangtu
29. Ilo iklan layanan masarakat di handap ieu!



- Naon amanat nu rék ditepikeun dina poster iklan layanan masarakat di luhur....
- A. Kudu ngajaga kabersihan diri, supaya jauh tina panyakit
 B. Kudu merhatikeun kabersihan lingkungan hirup
 C. Kudu ati-ati tina sagala panyakit
 D. Panyakit bakal datang saupama teu daék bebersih
30. Gambar atawa tulisan dina keretas atawa lawon tur dipasang di tempat umum, eusina méré iber, ajakan, atawa panyaram, disebut
- A. Poster
 B. B. Spanduk
 C. Baliho
 D. Iklan
31. Hal-hal nu kudu diperhatikeun dina nyaritakeun pangalaman nya éta.....
- A. Pilih jejer pangalaman nu paling penting di antara pangalaman lianna
 B. Caritakeun pangalaman hidep kalawan dimimitian ku bubuka, eusi pangalaman, sarta panutup
 C. Caritakeun unggal runtuyan kajadian kalawan gemet tur sistematis
 D. Gunakeun gambar atawa poto kagiatan salila nyaritakeun pangalaman
32. Nyaritakeun pangalaman kudu antaré, ulah rusuh teuing, lantaran
- A. Nu ngadéngékeun resepeun
 B. Ngarah nyumponan waktu biantara nu geus ditangtukeun

- C. Nu ngadéngékeun weruh kana eusi caritaan urang
 D. Pamilon geus apaleun kana pedaran carita urang
33. Runtuyan lamun urang rék nulis pangalaman, kaunggel di handap ieu, iwal
- A. Nangtukeun jejer (topik) nu dipilih
 B. Nyieun rangkay karanganana
 C. Mekarkeun rangkay karangan jadi wacana
 D. Nyieun kacindekan
34. *Tabuh tujuh sim kuring tos ngojay di Pananjung. Kacida resepna. Nyéwa papan selancar Rp. 10.000,- dugi ka tabuh sapuluh ngojay téh.*
 Latar tempat nu dicaritakeun dina ungkaradi luhur, nya éta
- A. Basisir
 B. Wahangan
 C. Walungan
 D. Situ
35. *Tabuh sabelas jalan-jalan mésér oléh-oléh kanggo kulawarga. Sim kuring mah mésér jambal roti nu hargana 50,000 pesenan Apa. Kanggo pun adi sareng pun lanceuk mah sim kuring mésér cinderamata geulang sareng aksesoris kanggo dina tas sakola.*
 Jejer nu dicaritakeun dina pangalan pribadi diluhur nya éta
- A. Lauk jambal roti pangeunahna
 B. Rupa-rupa aksesoris tas
 C. Meuli oléh-oléh
 D. Kagiatan unggal jam sabelas
36. *Keur jongjon ngagolongan gelasana tina langlayangan, na sirintil téh nu boga sawah. Ceuli kuring tuluy digoéngkeun bari dicarékan laklak dasar. Langlayangan direbut ku manéhna, dijejewét dihareupeun kuring.*
 Palaku nu ngambek dina cuplikan pangalaman pribadi di luhur nya éta
- A. Kuring
 B. Tukang langlayangan
 C. Nu boga langlayangan
 D. Nu boga sawah
37. *Bérés kahampangan beuteung karasa hampang. Ngan bulu punduk ngadadak tingsariak barang ngadéngé dina balong aya nu kukucibekan. "Nu sok resep dina cai peuting-peuting mah jauh kunti."*
 Pangalaman di luhur kaasup kana pangalaman nu sipatna
- A. Sedih
 B. Hariwang
 C. Lucu
 D. Sieun
38. Paragraf nu ngébréhkeun kaayaan di perjalanan, kaunggel dina wacana

- teu aya guruna. Sakapeung ditéma ku sora
méja ditakolan, siga nu éak-éakan nongton
Persib maén.
Rey beungeutna beureum, terus huntuna
kekerot, engapanana gancang jeung
sesegor. Teu lila bengeut beureum téh geus
ngadaun wéra. Hoak manéhna nyentak !*

41. Jéntrékeun 2 kaidah dina nyusun teks paguneman!
42. Ilo gambar kaulinan barudak Jajangkungan/Jujungkungan di handap ieu, jéntrékeun ngeunaan:



- a. Jumlah pamaén
 - b. Pakakas anu digunakeun
 - c. Tata cara maénna
43. Pék jieun ku hidep iklan layanan masarakat anu sipatna panyaram!
44. Jieun 2 kalimah anu ngandung kecap rajékan!
45. Jéntrékeun kaidah-kaidah dina nyaritakeun pangalaman pribadi!

[illegible]

